



Règleman Chanselye

Nimewo: A-412

Sijè: SEKIRITE NAN LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 8 novanm 2006

ANONS OFISYÈL (26/2//15)

Regleman Chanselye A-413 ranplase Seksyon V(D), V(E), V(F) ak atachman A regleman sa a sou selilè ak lòt aparèy elektwonik nan lekòl, ki date 26 fevriye 2015.



Règleman Chanselye

Nimewo: A-412

Sijè: SEKIRITE NAN LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 8 novanm 2006

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase A-412 ki gen dat 13 septanm 2005.

Li fikse kondisyon pou fè rapò ak bay avètisman ke responsab lekòl yo dwe suiv lè yon ensidan oswa yon krim ki gen rapò ak lekòl la rive. Li fikse tou responsablite lekòl yo lè polis oswa lòt ajans investigasyon ap chèche poze elèv ak estaf kesyon ak lè lapolis arete yon elèv.

Chanjman:

- Yo ajoute regleman pou otorize selilè pou rezon medikal.



Regleman Chanselye

Nimewo: A-412

Sijè: SEKIRITE NAN LEKÒL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 8 novanm 2006

REZIME

Règleman sa a modifye ak ranplase CR A-412 ki gen dat 13 septanm 2005. Regleman sa a fikse responsablite estaf lekòl pou kenbe sekirite nan lekòl yo. Li fikse tou pwosedi ke yo dwe suiv lè yon krim oswa yon ensidan ki gen rapò ak lekòl.

I. SEKIRITE NAN LEKÒL

- A. Lekòl leta yo ta dwe ofri yon anviwònman sennesof ak ki gen sekirite pou elèv, estaf ak paran. Lòd ak sekirite nan lekòl leta yo ak ozaanviwon yo enpòtan pou kreye anviwònman aprantisaj kote elèv ka satisfè nòm akademik elve, kote edikatè ka anseye nan nivo nòm sa yo, epi kote paran ka gen garanti ke pitit yo gen garanti y ap respekte dwa yo pou aprann.
- B. Sekirite ak bon jan lòd se responsablite kolektif tout estaf lekòl, Depatman polis Vil Nouyòk, Divizyon sekirite elèv ak sèviv prevansyon DOE, paran ak elèv.
- C. Direktè yo ak ajan sekirite lekòl (*school safety agents, SSAs*) pral kontakte ak travay ansanm yonn ak lòt sou zafè ki konsène sekirite nan lekòl. Pou nou fè sa, yo pral avèti imedyatman yonn lòt ensidan ki rive sou pwopriyete lekòl la.
- D. Se yon obligasyon pou respekte pwosedi ki fikse nan regleman sa a. Si yo pa respekte pwosedi sa yo ka lakoz sansyon tankou revokasyon nan travay.

II. KONDISYON POU FÈ ANONS AK RAPÒ POU KRIM AK ENSIDAN KI GEN RAPÒ AK LEKÒL

Bagay sa yo fikse kondisyon pou fè anons ak fè rapò yo dwe suiv lè yon krim oswa yon ensidan ki gen rapò ak lekòl rive. Krim ak ensidan ki gen rapò ak lekòl se sa yo ki rive sou pwopriyete lekòl la oswa tou pre lekòl la (paegzanp, devan bilding lan oswa ki rive andeyò pwopriyete lekòl la men ki gen yon koneksyon ak lekòl la, paegzanp patisipasyon elèv oswa estaf ki nan menm lekòl la).

Anplis kondisyon pou bay avètisman an ki fikse pi ba a kote yon krim grav, yon ensidan ki pa grav ak/oswa yon ensidan medikal rive ki ka gen konsekans sou sante piblik ak sekirite oswa ki nan nouvèl (paegzanp tire, alèt bomb aksidan otobis, atanta suisid), reprezantan sipèntandan an dwe kontakte Sant Enfòmasyon pou Ijans *Emergency Information Center* (EIC) DOE nan (718) 935-3210. (Tanpri gade sikilè espesyal No. 7 Chanselye a ki gen dat 7 janvyè 1999.)

A. Kondisyon pou fè anons pou krim ki gen rapò ak lekòl

Kondisyon pou bay avètisman sa yo dwe konfòm ak kèlkeswa sous enfòmasyon an ansanm ak demann yo pou rezon konfidansyalite. Travayè sosyal ki gen sètifika, sikològ ak SAPIS ta dwe kontakte sèvis biwo legal *Office of Legal Services* si yo gen kesyon konsènan konfidansyalite ak enfòmasyon pèsònèl.

1. Krim elèv komèt

Nan tout ka kote yo te bay yon ajan sekirite lekòl *school safety agent (SSA)* oswa yon anplwaye DOE enfòmasyon oswa yon akizasyon ke yon krim ki gen rapò ak lekòl ki poze yon danje pou elèv, estaf oswa kominote lekòl yon elèv komèt, li pral pran mezi sa yo imedyatman:

- a. Si ensidan an lakoz yon ijans pou sekirite imedyatman, SSA/DOE dwe imedyatman avèti lapolis epi ansuit konseye direktè a/reprezantan l;
- b. Nan tout lòt ka ki pa poze yon menas sekirite imedya, SSA/DOE dwe avèti direktè/reprezantan l sou ensidan an. Direktè/reprezantan l dwe, bò kote pa yo, avèti lapolis ak SSA a. Pa gen anyen nan sa ki anpeche SSA a avèti lapolis tou;
- c. Anplis seksyon (a) ak (b) ki pi wo a, direktè/reprezantan l dwe tou avèti paran an ak sipèentandan konsène a imedyatman¹.

2. Krim anplwaye departman edikasyon (Department of Education, DOE) komèt

Nan tout ka kote SSA/DOE resevwa anfòmasyon oswa yon akizasyon ke yon anplwaye DOE oswa yon moun ki konekte ak pwogram lekòl oswa sèvis, tankou volontè komèt yon krim ki gen rapò ak lekòl, l ap pran mezi sa yo imedyatman:

¹ Tèm “paran” nan règleman sa a, vle di, paran elèv la oswa responsab elèv la oswa nenpòt moun oswa ajans ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la.

- a. Si ensidan an lakoz yon ijans pou sekirite imedyatman, SSA/DOE dwe imedyatman avèti lapolis epi ansuit konseye direktè a/reprezantan l;
 - b. Nan tout lòt ka ki pa poze yon menas sekirite imedyata, SSA/DOE dwe avèti direktè/reprezantan l sou ensidan an. Direktè/reprezantan l bò kote pa yo, pral avèti lapolis, sipèntandan an, SSA ak Komisè espesyal investigasyon pou distri lekòl Vil Nouyòk *Special Commissioner of Investigation* ("SCOI") la nan (212) 510-1400 (ak biwo investigasyon espesyal *Office of Special Investigations* lè akizasyon an gen chatiman kòporèl ladan);
 - c. Si se yon elèv ki se viktim aktivite kriminel yo sispèk la, direktè/reprezantan l dwe avèti paran l tou.
3. Zak seksyè anplwaye DOE komèt

Chak anplwaye ak otorite DOE gen yon obligasyon pou rapòte imedyatman ba direktè/sipèvizè l ak SCOI tout enfòmasyon konsènan zak seksyèl otorite, anplwaye oswa lòt moun ki konekte ak pwogram oswa sèvis lekòl. tankou volontè fè sou elèv. Obligasyon sa rive jis nan zak seksyèl sou pwopriyete lekòl la ak andeyò lekòl la. Direktè/sipèvizè a dwe kontakte paran elèv la. DIREKTÈ/CHÈF BIWO/SIPÈNTANDAN AN PA PRAL KOLEKTE OKENN ENFÒMASYON NI FÈ ENVESTIGASYON SOU AKIZASYON YO. Lè zak yo sispèk la se yon krim, direktè/sipèvizè a dwe avèti lapolis.

4. Ijans medikal

- a. Si yon moun bezwen swen medikal imedyatman, SSA/DOE dwe rele 911 pou voye EMS/Ponpye. SSA/DOE dwe kontakte direktè/reprezantan l ki dwe rice sou sèn lan imedyatman avèk yon pwofesyonèl sante ki resevwa trening(paegzanp èd sante, enfimiyè asistan doktè);
- b. Si moun ki bezwen swen medikal la se yon elèv, direktè/reprezantan l dwe kontakte paran elèv la;
- c. Si yo dwe mennen elèv la nan lopital la epi paran an poko rive, yon manm estaf lekòl dwe akonpaye elèv la nan lopital la. Si paran an pa rive nan fen jounen lekòl manm estaf la, manm estaf la dwe kontakte direktè a/reprezantan l.

5. Abi sou timoun

- a. Nan tout ka kote estaf lekòl la gen bon jan dout ke yon elèv se viktim abi sou timoun, move tretman, oswa neglijan bò kote yon paran, yon moun ki la pou pran swen l oswa yon moun ki toujou ap viv nan kay timoun lan, estaf lekòl la dwe imedyatman rapòte dout la ba direktè a oswa reprezantan l. Direktè/reprezantan l dwe imedyatman rapòte dout la ba *New York Central State Register for Child Abuse and Maltreatment* nan (800) 635-1522. Direktè a ak manm estaf la dwe asire l gen yon rapò alekri ki fèt dapre CR A-750. Si yon travayè sèvis pwoteksyon timoun *Child Protective Service (CPS)* pa bay yon repons a 3:00 p.m. pou pi ta epi si yo jije lavi ak/oswa sekirite timoun lan andanje imedyata si l retounen lakay li, direktè a oswa reprezantan l dwe rele 911 pou jwenn asistans ijans polis, apre li fin kontakte sipèentandan/reprezantan l. (Gade CR A-750 pou plis detay.)
- b. Nan tout ka kote estaf lekòl la sispèk gen yon moun ki pa yonn nan moun yo idantifye nan paragaf (a) ki pi wo a ki komèt yon abi sou timoun sou yon elèv, y ap avèti imedyatman direktè/reprezantan l. Direktè/reprezantan l ap kontakte paran elèv la ak lapolis.

B. Kondisyon pou fè anons pou ensidan ki gen rapò ak lekòl

Yo dwe suiv pwosedi sa yo si yon anplwaye SSA/DOE konnen yon ensidan ki pa grav, yon aksidan oswa yon ijans medikal ki gen rapò ak lekòl ki ta egzije pinisyon lekòl oswa lòt mezi pou fè suivi ak/oswa avètisman santral/sipèentandan:

1. Si yon moun merite swen medikal imedyatman, SSA/DOE pral suiv menm pwosedi ki fikse nan seksyon II.4 ki pi wo a;
 2. SSA/DOE dwe avèti direktè/reprezantan I;
 3. Direktè/reprezantan I dwe deside si yo dwe pran mezi disiplin oswa lòt mezi pou suivi epi si yo dwe kontakte sipèntandan an ak paran an, lè yon elèv konsène;
 4. Si ensidan an konsène pinisyon kòporèl, direktè a dwe avèti Biwo investigasyon espesyal(Office of Special Investigations, OSI).
- C. Kondisyon pou fè rapò alekri
- Rapò konplè ak presi sou ensidan, krim ak chòk ki rive akòz ensidan sa yo se etap ki nesèsè nan kenbe sekirite ak lòd nan lekòl yo.
1. Rapò ensidan

Direktè/reprezantan I oblije fè yon rapò sou ensidan an pou tout * krim ak ensidan ki gen rapò ak lekòl nan entèval 24èdtan apre ensidan an rive.²

 - a. Direktè/reprezantan I ap prepare ak siyen rapò sou ensidan yo. Y ap dekri ensidan an ak bon jan detay pou bay yon deskripsyon konplè sa k rive a;
 - b. Direktè/reprezantan I dwe chèche jwenn deklarasyon alekri nan men pati ki konsène yo ak nan men temwen yo, ki presize lè, dat ak kote ensidan an te rive ak yon detay sou tip evènman yo ak konsekans yo.
 2. Rapò sou ensidan ajan sekirite lekòl NYPD a
 - a. SSA ap prepare yon Rapò ensidan sou sekrite lekòl pou NYPD k ap gen ladan non elèv yo pou bagay sa yo: krim, kontravansyon ak ensidan ki te gen ladan zam, dwòg, ak aktivite gang nati yon krim. Si SSA pa t patisipe dirèkteman oswa si li pa t okouran yon ensidan nan yonn nan kategori sa yo, kidonk direktè a dwe bay SSA yon deskripsyon vèbal sou ensidan an ki gen ladan non elèv yo;

² Direktè a oblije fè yon rapò global sou chòk pou tout domaj elèv, manm estaf ak lòt moun pran sou pwopriyete DOE oswa nan aktivite lekòl fè dapre CR A-730.

- b. SSA ap prepare yon Rapò ensidan sou sekrite lekòl pou NYPD , ki pa p gen ladan non elèv pou ensidan ki te gen ladan bagay sa yo: posesyon fedatifis ki pa krim, antre sou pwopriyete moun ki pa krim, flann, move konduit ak arasman. Si SSA pa t patisipe dirèkteman oswa si li pa t okouran yon ensidan nan yonn nan kategori sa yo, kidonk direktè a dwe bay SSA yon deskripsyon vèbal sou ensidan an ki pa gen ladan non elèv yo;
- c. SSA dwe voye yon kopi rapò a nan School Safety Division Operation Center atravè kanal ki apwopriye.

III. ARESTASYON ELÈV

- A. Si yon ensidan egzije pou yo arete yon elèv imedyatman, SSA dwe arete elèv la epi avèti direktè lekòl la.
- B. Si ensidan an pa mande pou yo arete elèv la imedyatman imedyatman oswa pou yo pran lòt mezi imedyatman, SSA ak/oswa NYPD dwe kontakte direktè/reprezantan l avan yo arete elèv la oswa avan yo fè tout fòm pwosesis kriminèl.
- C. Lè yo arete yon elèv, direktè a dwe avèti paran an imedyatman. Si yo pa ka jwenn paran an, direktè a dwe mande ofisye ki arete elèv la pou yon manm estaf lekòl la akonpaye elèv la nan estasyon polis la. Si yo refize demann sa a, yon manm estaf la(ki pa dwe yon SSA) dwe ale imedyatman kote yo ale evèk elèv la. Manm estaf ki akonpaye oswa ki suiv elèv la nan estasyon polis la fèt pou yonn ki pa t patisipe nan ensidan ki lakoz arestasyon an. Manm estaf la dwe rete avèk elèv la pou yon tan ki rezonab oswa jiskaske yo pa bewen l ankò.

IV. INVESTIGASYON POLIS OSWA LÒT AJANS

- A. Entèwogatwa elèv ak estaf
 - 1. Lè lapolis oswa lòt ajans investigasyon vle investigate yon krim elèv komèt ki gen rapò ak lekòl, direktè/reprezantan l dwe pèmèt yo fè entèvyou ak estaf lekòl la oswa lòt temwen ak estaf ki pa elèv oswa ak lòt lòt viktim ki pa elèv. Sepandan, direktè/reprezantan l pa ka fòse moun sa yo fè entèvyou sa a.
 - 2. Lè lapolis oswa lòt ajans vle fè entègatwa avèk yon elèv nan lekòl konsènan yon krim ki gen rapò ak elèv, direktè/reprezantan l dwe fè tout efò posib pou kontakte paran elèv la. Si yo bay avètisman an, direktè/reprezantan an oswa lapolis/ajans k ap fè investigasyon an pral kontakte paran an sou fason paran an vle pwosesis la fèt. Si paran an pa gen objeksyon, direktè/reprezantan l dwe pèmèt lapolis/ajans k ap fè investigasyon an fè entèvyou avèk elèv la. Direktè/reprezantan l ta dwe la pandan entèvyou a.
 - 3. Lè lapolis/ajans investigasyon an vini nan yon lekòl pou kesyone yon elèv sou yon krim ki gen rapò ak lekòl epi yo pa rive jwenn paran elèv la, direktè/reprezantan l pral pèmèt lapolis pale avèk elèv la dapre sikonstans sa yo:

- a. Si yo pa ka jwenn paran yon elèv yo sispèk ki fè yon krim, yo gen dwa pa otorize lapolis/ajans investigasyon an fè entèvyou avèk elèv la sosfisi ofisyè a endike gen yon menas danje imedya ki egziste. Direktè/reprezantan l pral decide si gen yon menas danje imedya ki egziste. Si li gen dout sou sa, direktè/reprezantan l dwe kontakte *Office of Legal Services*;
 - b. Si yo pa ka jwenn paran yon elèv ki pa yon sispèk(sa vle di viktim oswa temwen) yo gen dwa pa otorize lapolis/ajans investigasyon an fè entèvyou avèk elèv la sosfisi gen sikonstans ijan ki egzije pou yo fè yon entèvyou. Direktè/reprezantan l pral decide si gen sikonstans ijan. Si li gen dout ak si pa gen sikonstans ijan, direktè/reprezantan l dwe kontakte *Office of Legal Services*;
 - c. Nan ka kote yo fè entèvyou an san avèti paran an, direktè/reprezantan l dwe la pandan entèvyou a. Sepandan, direktè/reprezantan l pa dwe fòse yon elèv fè entèvyou sa a nan lekòl la.
4. Lè lapolis oswa lòt ajans investigasyon vle kesyone yon elèv sou yon akizasyon ki gen rapò ak abi sou timoun kont yon paran, yon gadyen oswa yon moun ki gen gad timoun lan, direktè a dwe pèmèt entèwogatwa a fèt epi li pa dwe kontakte paran an, responsab la ni moun ki gen gad timoun lan. Lè Lapolis oswa lòt ajans investigasyon vle kesyone yon elèv sou yon akizasyon ki gen rapò ak abi timoun kont yon moun ki toujou kontinye ap viv nan menm kay la, direktè a ap detèmine ansanm ak lapolis oswa ajans la si entèwogatwa a ta dwe fèt san kontakte paran an. Nan yonn nan ka sa yo, direktè a oswa yon moun timoun lan di li alèz avèk li ta dwe la pandan entèvyou a. Nan sitiasyon sa a, yo ka remèt dosye timoun lan ba lapolis oswa ba ajans investigasyon a yo san yo pa bezwen konsantman paran an. (Gade Règleman Chanselye A-750.)
 5. Lè lapolis oswa lòt ajans investigasyon vle kesyone elèv oswa estaf la konsènan yon krim yon elèv komèt ki pa gen apò ak lekòl, direktè/reprezantan l dwe mande pou lapolis oswa ajans investigasyon yo fè entèvyou yo pandan lè ki pa lè lekòl. Nan ka kote lapolis oswa lòt ajans investigasyon endike gen sikonstans ijan ki mande pou yo fè entèvyou a, estaf lekòl la ta dwe kontakte *Office of Legal Services* pou plis konsèy. Si yo pèmèt entèvyou sa a, li dwe fèt nan yon fason ki pa deranje lekòl la anpil.

V. V. PRÈV AK SEZI BAGAY KI ENTÈDI (ZAM, DWÒG, ETC.)

- A. Lè lapolis arete yon elèv ak bagay yo entèdi, lapolis pral sezi objè yo epi l ap kenbe yo kòm prèv.
- B. Responsab lekòl yo dwe mande yon kopi prèv NYPD a (fakti grefyè pwopriyete a).

- C. Si lapolis pa sezi yon zam yo jwenn sou pwopriyete lekòl la, men pwosedi y ap aplike:
1. Direktè/reprezantan l dwe kenbe objè a kòm prèv lè li ranpli yon fòm ak yon anvlòp pou prèv DOE genyen. Yo dwe mete tout enfòmasyon ki obligatwa nan fòm lan;
 2. Direktè/reprezantan l dwe avèti imedyatman Division of Student Safety and Prevention Services (DSS&PS) DOE ki pral fè aranjman pou School Safety Division NYPD pase pran objè ki entèdi a;
 3. Yo dwe kenbe zam yo an sekirite jiskaske yo remèt yo ba School Safety Division NYPD pou transpòte yo.
 4. Lè NYPD rive pou vin pran objè ki entèdi yo, direktè/reprezantan l dwe remèt objè entèdi a ak prèv la nan yon anvlòp pou prèv ki kachte;
 5. Si yon lekòl bezwen objè ki entèdi a kòm prèv nan yon odisyon pou sipèntandan an fè yon sispansyon, direktè/reprezantan l ta dwe kontakte DSS&PS ki pral fè aranjman nesèsè yo.
- D. Yo entèdi selilè, ipods, bipè ak lòt aparèy kominikasyon sou pwopriyete lekòl la. Sepandan, yon direktè ka bay pèmisyon pou yon elèv pote yon selilè nan yon bilding lekòl pou rezon medikal. (Gade dokiman sipleman tè A ki fikse pwosedi pou otorize yon eksepsyon pou rezon medikal.)
- E. Si lekòl la sezi yon selilè, ipod, bipè oswa lòt aparèy kominikasyon, direktè/reprezantan l dwe kontakte paran elèv la imedyatman pou paran an prezante anpèsòn pou vin chèche aparèy.
- F. Lekòl la ta dwe kenbe an sekirite selilè, ipod, bipè oswa aparèy kominikasyon jiskaske paran an vini. Si paran an pa janm vin chèche l, lekòl la ta dwe debarase l ak objè a.

VI. BIBLIKASYON ENFÒMASYON SOU ELÈV

Si pa gen yon ijans pou sante oswa sekirite, yo pa ka bay yon lòt pati tankou NYPD and SSA enfòmasyon sou dosye yon elèv, eksepte si gen yon lòd tribinal oswa yon lòd pou konparisyon ki bay dapre lalwa oswa apre konsantman alekri paran elèv la oswa elèv la li menm si li gen 18 lane pou pi piti. Yon ijans nan domèn sante oswa pwoteksyon se yon sitiyoasyon ki prezante danje imedya oswa ki egzije enfòmasyon imedya pou yo ka evite oswa elimine kondisyon oswa dezòd ki pa òdinè. Danje imedya se yon investigasyon aktif yon krim vyolan tankou bagay sa yo ak lòt ankò touye moun, mete dife, vòlè, agresyon seksyèl, posesyon zam oswa agresyon lè gen rezon valab pou kwè yon elèv aktyèl oswa yon ansyen elèv se yon sispèk oswa gen enfòmasyon sou investigasyon an ki nesèsè pou pwoteje sante oswa sekirite elèv yo oswa lòt moun.

VII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, voye yo bay:

Office of School Intervention and Development

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

52 Chambers Street

New York, NY 10007

Telefòn: 212-374-6095

Faks: 212-374-5598